

Verifye idantite w pou asistans FEMA

Release Date: Oktòb 23, 2024

Raleigh, N.C. – Abitan Kawolin Di Nò pa bezwen idantifikasyon pou kòmanse pwosesis aplikasyon pou asistans FEMA, sepandan, FEMA ka bezwen prèv idantite, rezidans ak lòt dokiman anvan yo ka peye asistans.

Si FEMA pa kapab verifye idantite w pandan pwosesis aplikasyon an, w ap oblije soumèt youn nan dokiman sipò sa yo:

- Dokimantasyon ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal, oswa lòt antite federal, ki gen kat chif konplè oswa dènye nimewo Sekirite Sosyal ou (SSN, Social Security Number);
- Kat Sekirite Sosyal si yo voye l avèk idantifikasyon federal oswa leta;
- Dokiman pewòl anlwayè a ki gen kat chif konplè oswa dènye SSN w la;
- idantifikasyon militè;
- Lisans maryaj pou konfime prèv non jenn fi;
- paspò ameriken.

FEMA ka pèmèt aplikan ki abite nan teritwa ameriken yo soumèt dokiman espesifik pou verifikasyon idantite, tankou kat enskripsyon elektè, elatriye.

Anplis de sa, si ou te aplike pou asistans nan non yon sitwayen ameriken minè (pitit) pou kay ou a, ou dwe voye FEMA sa ki annapre yo:

- Nenpòt nan dokiman ki endike anwo a, si se nan non timoun nan, oswa batistè timoun nan AK yon kopi kat Sekirite Sosyal timoun nan oswa dokiman ki soti nan Administrasyon Sekirite Sosyal la, oswa lòt antite federal, ki gen tout oswa dènye kat chif SSN timoun nan.

Èske w pèdi lisans chofè North Carolina oswa kat idantite w nan tanpèt la? Si se konsa, ou ka aplike pou yon ranplasman nan nenpòt biwo lisans kondwi. Lisans estanda yo ka ranplase tou sou Entènèt nan [ncdot.gov](https://www.ncdot.gov). Si gen yon chanjman nan adrès, ou gen 30 jou pou mete ajou adrès ou sou kalifikasyon an.



FEMA

Page 1 of 1